

Reyalite Konsènan Moun ki gen Viza Etidyan ak Asirans Sante

Èske moun ki gen viza Etidyan yo kalifye pou pwoteksyon asirans sante nan NY State of Health?

Wi. Selon Patient Protection and Affordable Care Act (ACA), moun ki gen viza Etidyan ki gen entansyon rezide New York yo kalifye pou enskri nan Plan Sante Kalifye. Selon nivo revni yo, moun sa yo kapab kalifye pou kredi sou taks federal pou redwi prim yo gen pou peye chak mwa a ak rediksyon nan depans yo sipoze pataje pou ede diminye depans yo pou sèvis swen sante. Etidyan ki gen plis pase 19 lane ki gen entansyon rezide nan New York epi revni yo sou 200% nivo pòvrete federal la oswa pi ba kapab kalifye pou Plan Esansyèl la.

Èske moun ki gen viza Etidyan yo kalifye pou Child Health Plus:

Wi. Moun ki gen viza Etidyan ki poko gen 19 lane epi ki gen entansyon rezide New York yo kalifye pou Child Health Plus.

Èske moun ki gen viza Etidyan yo kalifye pou Medicaid?

Non. Moun ki gen viza Etidyan revni ba yo epi yo gen plis pase 19 lane t ap kalifye pou enskri nan Plan Esansyèl, ki se Pwogram Sante Debaz New York la, pa Medicaid.

Si yon aplikan enskri nan yon Plan Sante Kalifye oswa Plan Esansyèl la, èske sa pral afekte kalifikasyon li pou yon viza Etidyan?

Non. Menmsi ou enskri nan Plan Sante Kalifye, Plan Esansyèl la, oswa Child Health Plus, sa pa pral afekte yon aplikasyon pou viza Etidyan. An reyalite, selon ACA, moun ki gen viza Etidyan yo dwe enskri nan asirans sante paske yo ka responsab pou sanksyon taks federal selon ACA si yo pa gen asirans.

Èske gen avantaj sante ki te ka afekte yon aplikasyon pou viza Etidyan?

Wi. Kèk moun ki gen viza Etidyan, ki bezwen sèvis swen sante alontèm ki pa gen pwoteksyon Plan Esansyèl la oswa Child Health Plus, kapab kalifye pou Medicaid. Lè yon moun enskri nan sèvis swen sante alontèm Medicaid nan yon mezon retrèt oswa sant sante mantal, sa kapab fè yo pa aksepte yon aplikan pou yon viza Etidyan kòm yon chaj piblik.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kalifikasyon moun ki gen viza ki pa imigran pou pwoteksyon selon ACA, tanpri gade enfòmasyon Department of Health and Human Services pou aplikan nan <https://www.healthcare.gov/immigrants/lawfully-present-immigrants/>